

Sa pou Fè pou Chanjman nan Po

What to Do for Skin Changes - Haitian Creole

Kansè ak tretman kansè kapab lakòz chanjman nan po tankou gratèl, po sèk, chanjman nan koulè ak demanjezon.

Chanjman nan po se pati repons nòmal kò ou nan tretman an. Si ou vin gen chanjman nan po ou vit anpil pandan w ap pran yon medikaman ki itilize pou trete kansè ou, chanjman yo kapab se yon siy ki endike ou fè alèji avèk medikaman an.

Li enpòtan anpil pou fè ekip swen kansè ou konnen nenpòt chanjman ou genyen nan po ou. Si chanjman yo pa trete yo kapab vin grav epi kèk ladan yo ta ka lakòz ou gen enfeksyon.



Ki chanjman komen mwen ta dwe siveye nan po mwen?

Gratèl se yon efè segondè komen nan kèk tretman pou kansè. Risk pou gen yon gratèl ak fason li grav depannde kalite kansè ou genyen ak kalite tretman w ap swiv la. Gratèl yo kapab parèt nan po tèt ou, figi ou, kou ou, pwatrin ou anlè do ou, epi pafwa nan kèk lòt pati kò ou. Yo kapab ba ou demanjezon, brili, yo kapab pike ou, oswa yo kapab ba ou doulè.

Po sèk se yon lòt efè segondè nan kèk tretman. Po a kapab vin sèk anpil, li kapab fè kal, li kapab anfle, li kapab vin wouj. Epi pafwa sa bay doulè. Li ka menm fann. Sa kapab rive poukont li oswa avèk yon gratèl. Po sèk kapab lakòz ou gen demanjezon.

Demanjezon akòz kèk kansè, tretman kansè, medikaman ou itilize pandan w ap swiv tretman pou kansè a, po sèk, gratèl, oswa enfeksyon. Si ou grante po ou anpil sa kapab fè po a senyen oswa vin enfekte, sitou si po a fann.

Ou kapab gen sendwòm men-pye (Hand-foot, syndrome, HFS) akòz anpil medikaman tretman kansè.

Doulè, sansiblite, pikotman, ak pèt sansasyon se premye sentòm HFS. Answit, kote ki wouj ak anfle ap kòmanse nan plamen ou ak na semèl pye ou. Kote ki wouj sa a sanble anpil avèk brili solèy epi li ka vin zanpoud. Nan move ka yo, zanpoud yo kapab louvri epi yo kapab vin blesi. Po a kapab vin sèk, detache, ak fann.

Chanjman nan koulè po a kapab rive kò yon efè segondè nan kèk tretman kansè, kwasans timè, oswa lè ou nan solèy. Kèk chanjman koulè ka vin pi bon apre yon peryòd tan. Lòt chanjman koulè yo ka dire plis tan.



Sa ou kapab fè pou ede ou evite oswa kontwole chunjman yo nan po ou

Sa pou fè:

- Bwè omwen 8 goblè likid chak jou, si ekip swen kansè ou di yo dakò pou fè sa.
- Itilize savon dou, lavaj kò, channpou, losyon, ak krèm ki pa abaz alkòl, pafen oswa tenti. Mande pwodui oswa mak komèsyal ou ta dwe itilize.
- Lave men ou avèk dlo frèt pa dlo cho. Pase tan kout nan douch, epi tape kò ou asèk avèk yon twal olye ou fwote po ou.
- Idrate po ou pandan jounen an. Pi bon Moman pou fè sa se apre lè ou benyen, pandan po ou toujou imid.
- Raze kò ou mwen souvan, oswa sispann raze kò ou si po ou irite. Yon razwa elektrik kapab ede anpeche ou blese lè w ap raze po ou.
- Rete lwen solèy la otank posib. Si ou pral soti deyò, itilize bom lèv ak krèm solèy ki gen yon SPF omwen 30. Mete rad ki gen manch long ak yon chapo tou.



Sa ou kapab fè pou fè chanjman po ou soulaje

Sa pou fè:

- Eseye soulye jèl si semèl pye ou sansib.
- Itilize mak komèsyal makiyaj ki kapab kouvri gratèl la san sa pa fè li vin grav. Mande ki pwodui oswa mak komèsyal ou kapab itilize.
- Mete rad mou ki lache sou ou. Sa souvan fè ou santi ou pi byen pase rad ki sere sou ou.
- Itilize medikaman ekip swen kansè ou ba ou epi pran medikaman an nan fason yo di ou pou pran li.

Sa pou pa fè:

- Itilize detèjan lesiv ki gen sant fò.
- Trete po ou avèk medikaman san preskripsyon anvan ou pale avèk ekip swen kansè ou.
- Pase tan deyò nan tan ki twò cho oswa ki twò frèt.



Pale avèk ekip swen kansè ou.

Anpil chanjman nan po kapab trete, epi gen aksyon ou kapab fè pou eseye evite yo. Fè ekip swen kansè ou konnen chanjman po ou genyen. Fè yo konnen lè ou remake chanjman yo ak sa ki fè chanjman yo vin grav oswa soulaje. Chanjman nan po a kapab epi ta dwe trete san pèdi tan.



Pou jwenn enfòmasyon ak repons sou kansè, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.
No. HAI214305 Rev. 7/24
bbb.org/charity

